

**THE DEPARTMENT OF EARLY EDUCATION AND CARE  
SUBSIDIZED CHILD CARE  
PARENT TRANSPORTATION REQUEST FORM  
SWEN POU TIMOUN SIBVANSYONE  
FÒMILÈ DEMANN POU TRANSPÒ POU PARAN YO**

**POU ENFÒMASYON SÈLMAN – TANPRI PA RANPLI FÒMILÈ KI TRADUI A**

Nan sèten sikontans limite, fanmi sibvansyone yo ka resevwa apwobasyon pou transpò ant lakay oubyen lekòl ak swen timoun. Depandan de disponibilite finansman, nou pral ranbouse pwogram yo nan to ki apwouve pa Department of Early Education and Care (EEC) a pou transpò yon sèl bo oubyen ale retou, baze sou sa fanmi a bezwen.

Administratè Sibvansyon yo dwe evalye epi anrejistre nesesite paran yo pou transpò, epi konsidere faktè tankou: (1) disponibilite de transpò publik; (2) si yon paran gen yon machin; (3) nenpòt enkapasite fizik paran an genyen ki ka anpeche paran an transpòte timoun nan; epi (4) si orè travay paran an anpeche transpò timoun nan ale nan oubyen sòti nan swen. Yon fanmi ki rete pi pre pase demi (1/2) mil de founisè a p ap resevwa finansman pou transpò, sof si sikontans eksepsyonèl egziste. Tanpri gade Gid Politik Finansye EEC a (*Financial Policy Guide*) pou konsèy.

---

Mwen, \_\_\_\_\_, ap mande sèvis transpò pou ptit mwen (yo). Mwen konfime ke:

- Mwen abite pi lwen pase demi (1/2) mil de pwogram nan;
- Mwen pa gen aksè a yon machin;
- Mwen pa gen aksè a transpò publik;
- Mwen gen yon andikap/bezwen espesyal ki verifye ki anpeche m transpòte ptit mwen (yo) \*; e/oubyen
- Orè travay mwen anpeche m transpòte ptit mwen (yo) ale nan oubyen sòti nan swen.

\*Fok andikap la verifye alekri pa yon Doktè, Sikyat, Sikològ, Enfimyè Pratisyen oswa Enfimyè Sikyatrik sou papye ki gen antèt pratikan swen medikal ou.

M ap mande:

Transpò yon sèl bo

– oswa –

Transpò ale retou

Non konplè ak Dat Nesans ptit ou (yo) pou ki w ap mande transpò.

---

---

---

Mwen konprann ke founi enfòmasyon ki fo oubyen twonpe an koneksyon ak demann pou transpò sa a kapab lakòz tèminasyon sibvansyon swen pou timoun mwen ak yon egzijans pou m remèt pri swen timoun nan. Yo te enfòme m ke transpò a depann de disponibilite de finansman epi yo ka tèmine li san yo pa notifye m avan.

---

Siyati Paran

Dat

---

Siyati Manm Staf Administratè Sibvansyon an

Dat

**Fok fòmilè sa a rete nan dosye fanmi a.**